NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 3 Issue 8

# INTEGRATSIYALÍQ JANTASÍW ARQALÍ OQÍWSHÍLARDÍŃ ÓZ BETINSHE JUMÍSLARÍN SHÓLKEMLESTIRIWDIŃ METODIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Xojambetova Juldızxan Baxamdullaevna**

https://doi.org/10.5281/zenodo.22117612

***Annotatsiya.*** *Maqalada integratsiyalıq jantasıw tiykarında ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıwshılardıń óz betinshe jumısların shólkemlestiriwdiń usılları hám olardıń nátiyjeliligi izertlengen. Zamanagóy tálim processinde oqıwshılardı tayar bilimlerdi ózlestiriwshiden óz betinshe pikirlewshi, jańa bilimlerdi izlewshi, analiz etiwshi hám olardı ámeliyatta qollana alıwshı shaxsqa aylanıwı áhimiyetli wazıypalardan biri esaplanadı. Usı kóz qarastan, hár túrli pánlerdiń mazmunın óz ara baylanıstırıw tiykarında shólkemlestirilgen óz betinshe jumıslar oqıwshılardıń bilimlerdi sistemalastırıwǵa, unamlı hám sın pikirlewdi rawajlandırıwǵa hám de ámeliy kompetensiyalardı qáliplestiriwge xızmet etedi. Maqalada integratsiyalıq jantasıw tiykarında óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriwdiń basqıshları, pedagogikaliq shárt-sharayatları, tapsırma túrleri, bahalaw kriteriyaları hám olardıń tálim processiniń nátiyjeliligine tásiri analiz etiledi.*

***Tayanısh túsinikler:*** *Integratsiyalıq jantasıw, óz betinshe jumıslar, oqıwshı, tálim, kompetensiya, pedagogikalıq texnologiya, pánler aralıq baylanıslılıq, tálimniń nátiyjeliligi.*

Búgingi kúnde tálim sistemasında oqıwshılardıń erkin túrde pikirlewi, bilimin erkin túrde bayıtıwı hám ózlestirgen bilimlerin ámeliyatta qollana alıwınıń támiyinleniwi áhimiyetli pedagogikalıq wazıypalardan biri sıpatında qaralmaqta. Dástúriy oqıtıw processinde tiykarǵı itibar oqıtıwshı tárepinen bilim beriwge qaratılǵan, al zamanagóy tálimde bolsa, oqıwshınıń aktiv qatnasın támiyinlew, onıń izleniwi hám óz betinshe iskerligin marapatlawǵa ayrıqsha itibar berilmekte.

Óz betinshe jumıslar oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám tájiriybelerin bekkemlew menen birge, olarda juwapkershilik, liderlik, óz betinshe qarar qabıl etiw hám mashqalalı jaǵdaylarǵa sheshim taba alıw sıyaqlı qábiletlerin qáliplestiredi. Biraq óz betinshe jumıslardı tek bir ǵana pán aynalasında shólkemlestiriw ayırım waqıtlarda oqıwshılardıń bilimlerdi bir pútin sistema sıpatında qabıl etiw imkániyatın sheklewi múmkin. Sol sebepli óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriwde integratsiyalıq jantasıwdan paydalanıw aktuallıq áhimiyetke iye. Óz betinshe jumıstı ápiwayı úy tapsırması menen teńlestiriw múmkin emes.

Bul iskerlik oqıwshınıń maqset qoyıw, tapsırmanı rejelestiriw, maǵlıwmat izlew, alınǵan maǵlıwmatlardı analiz etiw, nátiyjelerdi ulıwmalastırıw hám óz iskerligin bahalaw sıyaqlı processlerdi qamrap alıwı kerek. Loyens, Magda hám Rikerstiń izertlewlerinde self-directed learning, yaǵnıy óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriwde oqıwshıǵa tek ǵana tapsırma berip qoymastan, onıń óz betinshe izleniwi ushın metodikalıq ortalıq jaratıp beriw áhimiyetli esaplanadı. Bunday ortalıqtı qáliplestiriwde integratsiyalıq jantasıw ayrıqsha áhimiyetke iye.

Sebebi, turmıslıq mashqalalar ádette bir ǵana pán aynalasındaǵı bilimler menen sheklenbeydi. Olarǵa sheshim tabıw processinde bir qansha pánlerge tiyisli bolǵan bilimler hám kónlikpelerdi óz-ara baylanıstırıw talap etiledi. Máselen, ekologiyalıq mashqalanı úyreniwde biologiyalıq, geografiyalıq, ximiyalıq, matematikalıq hám informatikalıq bilimlerden birgelikte paydalanıw múmkin. Nátiyjede oqıwshı bilimlerdi bólek-bólek pánler formasında emes, kerisinshe belgili mashqalanı sheshiwge xızmet etiwshi bir pútin sistema sıpatında qollanadı.

«Integratsiya» túsinigi latınsha «integration» - tiklendiriw, toltırıw, «integer» - pútin degen mánilerdi bildirip, bilimlendiriwde ayırım elementlerdiń jay ǵana qosındısı emes, al pánler

aralıq baylanıslar tiykarında oqıwshınıń sanasında dúnyanıń bir pútin ilimiy kórinisin qáliplestiriwdi ańlatadı. V.V. Kraevskiy bilimlendiriw mazmunın integratsiyalaw máselesin izertley otırıp, onı oqıw pánleri arasındaǵı logikalıq baylanıstıń joqarı forması sıpatında bahalaydı. Ol óz miynetlerinde integratsiyanıń oqıwshılarda dúnyaǵa bolǵan sistemalı kóz qarastı qáliplestiriwdegi áhimiyetine toqtalıp ótedi. Óz betinshe jumıs túsinigi hám onı shólkemlestiriw metodikası didaktikalıq aspektte P.I. Pidkasistiy, B.P. Esipov sıyaqlı alımlar tárepinen tereń úyrenilgen bolıp, olar óz betinshe jumıstı shaxstıń biliw zárúrliklerin qanaatlandırıwdıń baslı faktorı sıpatında bahalaydı. Tálimde integratsiya hám pánler aralıq baylanıslılıq mashqalaları metodologiyalıq tárepten V.S. Lednev, M.N. Berulava izertlewlerinde óz kórinisin tapqan. I.D. Zverev hám V.N. Maksimova integratsiyanı pánler aralıq baylanıslar menen tıǵız baylanısta kórip, onı oqıwshınıń intellektuallıq potensialın ashıwshı faktor sıpatında talıqlaydı. Olardıń pikirinshe, integratsiyalıq jantasıw oqıwshınıń logikalıq oylawın tereńlestiredi hám bilimlerdiń bir-birin tolıqtırıwın támiyinleydi. Mámleketimiz alımlarınan R.A. Mavlonova baslanǵısh tálimde integratsiyanıń didaktikalıq tiykarların jaratqan bolsa, B. Tóxliyev, K. Zaripov sıyaqlı izertlewshiler sabaq processinde pánler aralıq baylanıslılıqtıń metodikalıq sistemasın izertlegen. N.A. Muslimov integratsiyanı kompetentlik jantasıw menen baylanıstıradı.

Ol oqıwshınıń óz betinshe jumıs islew kónlikpesi tek integratsiyalanǵan bilimler tiykarında ǵana joqarı dárejege kóteriliwi múmkin ekenligin ilimiy tiykarlaydı. SH.S. Sharipov bolsa integratsiyanı oqıwshılardıń dóretiwshilik xızmetin shólkemlestiriwdiń metodologiyalıq tiykarı sıpatında qarap, onıń oqıwshı belsendiligin arttırıwdaǵı ornın ayrıqsha atap kórsetedi.

Sonıń menen birge, integratsiya tek ǵana eki yamasa onnan artıq pánlerdiń temaların bir sabaqqa qosıp ótiw degeni emes, oqıwshınıń bir mashqla yáki wazıypanı sheshiwde túrli pánlerden alınǵan bilimlerdi funksional tárizde birlestiriwi menen belgilenedi.

Integratsiyalıq jantasıw tiykarında óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriw tómendegi pedagogikalıq principlerge tayanadı:

Ierarxiyalıq principi – bul óz betinshe tapsırmalardıń mazmunın ápiwayıdan quramalıǵa, yaǵnıy monodisiplinar (bir pánge tiyisli) bilimlerden transdisiplinar (páler aralıq sintezlengen) kompetensiyalarǵa basqıshpa-basqısh ótip barıwın támiyinleydi.

Mashqalalıq principi – didaktikalıq fundament bolıp tabıladı. Pánler aralıq integratsiya jasalma ráwishte ámelge asırılmaydı, bálki onıń astarında anıq bir obiektiv mashqala bolıwı kerek.

Mashqalalıq principi oqıwshılardıń aldına tek bir ǵana pánniń qálipleri menen sheklenip qalmastan, bir neshe pánler kesilispesinde jatıwshı intellektual keyslerdi qoyıwdı talap etedi. Bul jaǵday oqıwshıda biliw motivatsiyasın oyatadı hám onı reproduktiv maǵlıwmat toplawdan aktivlilikke hám dóretiwshilikke baǵdarlaydı.

Kontekstlilik (turmıs penen baylanıs) principi – bul oqıw processin teoriyanı yadlawdan uzaqlastırıp, onı oqıwshınıń real turmısı, keleshektegi kásiplik iskerligi hám sotsiallıq ámeliyatındaǵı kontekstine baylanıstırıp shólkemlestiriwshi qaǵıydası esaplanadı. Bul principtiń tiykarshısı pedagog alım A.A. Verbitskiy esaplanadı. Principtiń baslı ideyası: «Oqıwshı pándi tek ǵana imtihannan ótiw ushın emes, bálki turmısta oǵan qay jerde hám qanday kerek bolıwın ańlaǵan halda óz betinshe úyreniwi kerek.» Konteksli princip óz betinshe tapsırmaların anıq bir turmıslıq ssenariyler tiykarında qáliplestiredi:

Sotsialliq kontekst: Oqıwshı óz máhállesi, qalası yáki mámleketindegi sotsiallıq – ekologiyalıq processlerdi analiz etedi.

| Pán | Paydalanılatuǵın bilim |
|---|---|
| Biologiya | Ekotizim, ósimlik hám haywanat dúnyası |
| Geografiya | Ortalıqtıń tábiyiy shárayatı |
| Ximiya | Pataslanıw hám elementlerdiń quramı |
| Matematika | Statistikalıq esap-kitap |
| Informatika | Keste, diagramma hám prezentatsiya |
| Ana tili | Nátiyjelerdi jazba bayan etiw |

Shaxsıy kontekst: Tapsırma oqıwshınıń kúnlik zárúrlikleri (salamatlıq, rejelestiriw) menen baylanıstırıladı.

Kvazikasiplik (kásipke baǵdarlanǵan) kontekst: Oqıwshı ózin belgili bir kásip iyesi (shıpaker, ekolog, pedagog) rolinde sezinip óz betinshe jumıstı orınlaydı.

Oqıwshılardıń óz betinshe jumısların shólkemlestiriw basqıshları:

Mashqalalı jaǵday jaratıw: Oqıtıwshı oqıwshıǵa juwabı tayın soraw emes, izleniwdi talap etetuǵın mashqala beredi. Máselen: "Mektep átirapında ekologiyalıq ortalıqtı jaqsılaw ushın qanday ámeliy ilájlardı usınıwı múmkin? " bul soraw oqıwshını bir neshe pán boyınsha izleniwge shaqıradı.

Maqsetti belgilew: Oqıwshı mashqalanı sheshiwden gózlengen maqsetti anıqlaydı.

Máselen: "Mektep átirapındaǵı ekologiyalıq jaǵdaydı úyreniw hám onı jaqsılaw boyınsha ámeliy usınıs islep shıǵıw."

Pánler aralıq baylanıslardı anıqlaw: Oqıwshı mashqalanı sheshiwde qaysı pánlerden paydalanıwdı belgileydi.

Bul processtiń áhimiyetli tárepi sonda, oqıwshılar pánler arasındaǵı baylanıslılıqtı ámeliy wazıypa arqalı ańlaydı.

Óz betinshe maǵlıwmat izlew: Oqıwshılar sabaqlıq, ilimiy maqa, ensiklopediya hám isenimli dereklerden maǵlıwmat izleydi.

Maǵlıwmatlardı analiz etiw: Oqıwshı jıynalǵan maǵlıwmatlardı tek ǵana kóshirip qoymastan: salıstıradı → toparlaydı → sebebin anıqlaydı → ulıwmalastıradı → juwmaq shıǵaradı.

Bul basqısh óz betinshe pikirlewdiń qáliplesiwinde úlken áhimiyetke iye.

Juwmaqlawshı basqısh: Óz betinshe jumıs nátiyjesi anıq kórinis penen juwmaqlanıwı kerek.

Máselen: proekt, ilimiy esabat, prezentatsiya, infografika, keste, diagramma, maqala, ámeliy usınıs sıyaqlı.

Refleksiya - Oqıwshı óz iskerligin analiz etedi: Neni úyrendim? Qanday dereklerden paydalandım? Qaysı pánniń bilimleri kerek boldı? Qanday qıyınshılıqlarǵa dus keldim? Keyingi jumıslardı qanday jaqsı alıp barıwım múmkin? Bul process oqıwshınıń óz tálim processin ańlawına járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda, integratsiyalıq jantasıw tiykarında shólkemlestirilgen óz betinshe jumıslar oqıwshını tayar bilimlerdi ózlestiriwshi subiektten bilimdi erkin túrde izlewshi, analiz etiwshi, integratsiyalawshı hám ámeliyatta qollana alıwshı aktiv tálim subiektine aynaldırıwǵa xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Abdullaeva Sh.A. va boshqalar. Pedagogika: Ensiklopediya. 3-jild. – T.: «Ózbekiston milliy ensiklopediyasi», 2017.
2. Mavlonova R.A., Rahmonqulova N.H. Integratsiyalashgan ta’lim darslari. – T.: O‘qituvchi, 2009.
3. Пидкасистый П.И. Самостоятельная познавательная деятельность учеников в обучении. – М.: Педагогика, 1980.
4. Берулава М.Н. Интеграция содержания образования. – М.: Педагогика, 1993.
5. Зверев И., Максимова В.Н. Межпредметные связи в современной школе. – М.: Педагогика, 1981. – 160 с.